**DOKUMEN NEGARA**
**SANGAT RAHASIA**

# UJIAN MADRASAH BERBASIS KOMPUTER DAN SMARTPHONE

# ( UMBKS )

# MI PSM SATRIYAN

## TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021

| | |
|---|---|
| **Mata Pelajaran** | **: Bahasa Jawa** |
| **Hari Tanggal** | **: Rabu, 7 April 2021** |
| **Waktu** | **: 09.30 – 11.00 WIB** |

## KANTOR KEMENTERIAN AGAMA
## KABUPATEN NGAWI

LIVEWORKSHEETS

**Pilihlah jawaban pada huruf a,b,c,atau d yang kamu anggap benar !**

1. Ing ngisor iki sing kalebu tembang dolanan yaiku ....

   A. Maskumambang, Mijil

   B. Pocung, Gundhul-Gundhul Pacul

   C. Pitik Tukung, Menthog-Menthog

   D. Sinom, Dandanggula

2. Wis ana sewulan Budi nandang lara. Mulane awake sansaya kuru sasat mung kari ….

   A. dubang

   B. lunglit

   C. bangcuk

   D. bangjo

3. Pak Fajar ... saking Yogyakarta kala wau dalu.

   Tembung sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ….

   A. dugi

   B. tindak

   C. bidal

   D. rawuh

4. Wujude sandhangan pangkon yaiku ….

   A. 

   B. 

   C. 

   D. 

5. Saiki jam 5 sore cuacane wis katon ….

   A. peteng dhedhet

   B. padhang jingglang

   C. adhem ayem

   D. subur makmur

6. Kang diarani cangkriman yaiku ….

   A. unen-unen kang ajeg panggonane ngemu surasa pepindhan

   B. unen-unen kang ngemu mawa batangan utawa bedhekan

   C. tembung loro utawa luwih digandheng dadi siji lan nduweni teges siji

   D. runtuting swara utawa tetembungan sing padha karo sajroning ukara

7. Ukara ing ngisor iki kang nganggo pola J-W-L-K yaiku ….

   A. Bagus adus ing kali .

   B. Mau isuk ibu masak sayur ing pawon.

   C. Ziddan mancing lele ing kolam.

   D. Simbah ngunjuk wedang kopi.

LIVEWORKSHEETS

8.  Gambar tokoh pewayangan ing sisih kiwo, yaiku ….

A. Werkudara

B. Puntadewa

C. Arjuna

D. Gatutkaca

9. Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pakon yaiku ….

A. Zahra, tulung jupukna bukune bu guru ing meja!

B. Naila lan wulan budhal sekolah bareng.

C. Sing ana meja ngarep kae bukune sapa?

D. Aisyah, Nisa, lan Rumi nyapu latar isuk mau!

10. Nganggo parem gandane sedhep

Wis kelas enem kudu sing ….

A. sregep

B. madhep

C. manteb

D. landhep

11. Fatimah maca buku ing kamar.

Ukara iku yen diubah dadi ukara tanggap yaiku ….

A. Fatimah ing kamar maca buku

B. Buku diwaca Fatimah ing kamar

C. Fatimah diwaca buku ing kamar

D. Ing kamar Fatimah maca buku

12. Ukara ing ngisor iki kang ngemu panyandrane awak sing bener yaiku ….

A. Bocah kok ora gelem sinau, mula pikirane landhep dhengkul

B. Rambute adhiku kriting

C. Ravi mlakune kaya macan luwe

D. Nisa bocah sing ayu, alise nanggal sepisan

13. Anak sapi arane pedhet. Lha yen anak kebo arane ….

A. cempe

B. bledug

C. kuthuk

D. gudel

14. Ukara ing ngisor iki sing ana seselan -in sing bener yaiku ….

A. Bukune ditatani dening murid-murid

B. Surat iku tinulis kanthi rapi

C. Febri macani buku ing perpustakaan

D. Paklik makani sapi ing kandang

LIVEWORKSHEETS

15. Joko Seger lan Rara Anteng muja semedi ing pucuke Gunung Lejar. Anggone muja semedi dikantheni rasa temen-temenan supaya kekarone keturutan duwe putra. Sanajan suwene patang puluh dina patang puluh bengi lan akeh panggodane, kakarone tetep mantep muja semedi.

Saka perangan crita kasebut sing dadi paraga utama yaiku ….

A. Joko Seger lan Rara Anteng

B. Joko Seger

C. Rara Anteng

D. Gunung Lejar

16. Simbah … wedang kopi ing teras omah.

Tembung sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ….

A. diunjuk

B. diunjuki

C. ngunjuk

D. unjuk

17. *Kriwikan dadi grojogan.* Paribasan iku tegese ….

A. melu rekoso nanging ora melu penake

B. arep nemu kabegjan nanging ora sido

C. ditulung malah menthung

D. perkoro cilik dadi gedhe

18. Ibu dawuh,"Kowe kudu sregep sinau supaya pinter."

Ukara ing dhuwur yen diubah dadi ukara crita (tak langsung) yaiku ….

A. Ibu dawuh yen aku kudu sregep sinau supaya pinter.

B. Ibu dawuh yen kowe kudu sregep sinau supaya pinter.

C. Dawuhe ibu kowe kudu sregep sinau supaya pinter.

D. Yen pengen pinter dheweke kudu sregep sinau

19. Pak Guru mulang murid-murid ing njero kelas.

Wasesane ukara ing dhuwur yaiku ….

A. Pak guru

B. mulang

C. murid-murid

D. ing njero kelas

20. "Masak lapis". Ukara iku yen ditulis jawa wujude ….

A. 

B. 

C. 

D. 

LIVEWORKSHEETS

21. Tembang macapat iku cacahe ana ….

A. 8

B. 9

C. 10

D. 11

22. Aku ditukokake bulik sepatu.

Ukara iku yen diubah dadi ukara tanduk yaiku ….

A. Bulik dak tukokake sepatu

B. Bulik nukokake aku sepatu

C. Aku nukokake bulik sepatu

D. Aku ditukokake sepatu bulik

23. Numpak becak rodhane bunder

Tuku benik rupane ireng

Paling penak dadi bocah pinter

Bijine apik ….

Lanjutane parikan ing dhuwur yaiku ….

A. atine seneng

B. atine peteng

C. polahe meneng

D. atine anteng

24. Raden Puntadewa iku ratu ing negara ….

A. Ngastina

B. Plangkawati

C. Ngamarta

D. Ngalengka

25. Bapak kondur saka kantor awan-awane jam 14.00.

Tembung *awan-awane* iku tegese ….

A. awan banget

B. wektu awan

C. nalika awan

D. paling awan

26. Sing diarani guru wilangan ing tembang macapat yaiku ….

A. cacahe gatra (baris) saben sapada

B. tibaning swara ing pungkasaning gatra

C. tibaning swara saben ing tengahing gatra

D. cacahe wanda saben sagatra

27. *Ngawi, 7 April 2021*

Perangane layang ing dhuwur iku diarani ….

A. adangiyah

B. satata basa

C. papan lan titimangsa

LIVEWORKSHEETS

D. surasa basa

28. Gamane Raden Janaka yaiku ….

A. Jimat kalimasada

B. Panah pasopati

C. Kuku pancanaka

D. Gada rujakpolo

29. Ukara ing ngisor iki kang njerone ngemu tembung saroja yaiku ….

A. bocah iku nesu sampe raine abang mbranang

B. wong tuwoku olehe mergawe nganti adus kringet

C. bocah sing dawa tangane iku ora disenengi kancane

D. bocah iku ayu banget mula dadi kembang desa

30. Ibu tindak pasar … sayuran.

Tembung krama sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ….

A. mundhut

B. tumbas

C. tuku

D. nggawa

31. Surati pancen bocahe ayu, lambene kaya ....

A. ndamar kanginan

B. nawon kemit

C. nduren sajuring

D. manggis karengat

32. Pak Joyo pengalamane wis akeh, amarga wis nate njajah desa, milang ....

A. miling

B. megung

C. kori

D. mukti

33. Omongane ngabangake kuping. Tembung ngabangake kuping Tegese ....

A. gawe nesu

B. gawe seneng

C. gawe sregep

D. gawe susah

34. "Kula kinten cekap semanten atur kulo, menawi wonten klentunipun atur nyuwun pangapunten", ukara kasebut kalebu perangan sesorah kang diarani ....

A. salam pambuka

B. surasa basa

C. purwaka

D. panutup

35. Simbah ... Semarang ... kreta argo lawu.

Tembung kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku ....

A. lunga, mundhut

LIVEWORKSHEETS

B. tindak, nitih

C. lunga, numpak

D. lunga, nitih

36.  angka jawa kasebut yaiku ....

A. 31

B. 32

C. 51

D. 52

37. Ing ngisor iki sing kalebu ukara tanggap yaiku ....

A. Sawitri nyirami kembang

B. Sugeng ndandani sepeda

C. Adik didulang Ibu

D. Riana ngrewangi masak

38. Mas Bayu ngagem rasukan abrit. Ukara kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku ....

A. Mas Bayu duwe klambi abang

B.Mas Bayu tuku klambi abang

C.Mas Bayu seneng klambi abang

D. Mas Bayu nganggo klambi abang

39. Gatekna tembang pangkur ing ngisor iki!

*Mingkar mingkure angkara,*

*Akarana karenan mardi siwi*

*Sinawung resmining kidung,*

*Sinuba sinukarta,*

*Mrih kertarta pakartining ngelmu*

*Luhung,*

*Kang tumprap wong tanah jawa,*

*Agama ageme aji,*

Guru lagu lan guru wilangan gatra keloro yaiku ....

A. 8a

B.10a

C.11i

D. 12i

40. Dian : ....

Roni : kucingku ana telu.

Ukara pitakon kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur yaiku ....

A. Apa rupane kucingmu Ron?

B. Piro cacahe kucingmu Ron?

C. Piro regane kucingmu Ron?

D. apa sing kokopeni Ron?

LIVEWORKSHEETS

41. Panulisan aksara jawa (nganggo pasangan la) Beras larang,sing bener yaiku........

A. 

B. 

C. 

D. 

42. Tembang maca pat itu sawijine karangan kang kaiket mawa paugeran: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan.  Tembang macapat iku cacahe ana ....

A. 10

B. 11

C. 12

D. 13

43. Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis. ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi ....

A. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis

B. Santi lagi ditulis aksara jawa.

C. Aksara jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi

D. Nulis Santi aksara jawa ing buku tulis

44. Godhong klaras godhong .....

Bocah memelas luru rejeki

Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing parikan iku ....

A. nangka

B. krambil

C. kemangi

D. gedhang

45. Prabu Puntadewa iku ratu ing Negara ....

A. Ngamarta

B. Ngastina

C. Maespati

D. Dwarapati

46. Saben dina Minggu, Sinta bola-bali menyang alun-alun saperlu arep olah raga bareng kancane. Tembung rangkep bola-bali tegese........

A. Mulih

B. Bali

C. Wira wiri

D. Budhal mulih

47. Salah sijine paugeran tembang macapat yaiku guru wilangan. Ing ngisor iki sing diarani guru wilangan yaiku ….

A. Bait/koplet

LIVEWORKSHEETS

B. Cacahing gatra saben sapada

C. Dhong dhinge/tibane suwara ing saben pungkasane gatra

D. Cacahing wanda ing saben sak gatra

48. Tuladhane peranganing layang pribadi

Katur

Bapak/Ibu guru

MI AL Huda

Semarang

Perangan layang pribadi ing dhuwur iku kalebu ....

A. surasa basa

B. adangiyah

C. titi mangsa

D. wasana basa

49. Raden Arjuna duwene gaman kang arane ....

A. Panah Pasopati

B. Jimat Kalimasada

C. Keris Cundhamanik

D. Kuku Pancanaka

50. Ukara ing ngisor iki sing ngganggo tembung Saroja yaitu ....

A. Bocah wingi sore olehe gelut nganti babak bundhas.

B. Polahe Si Bayu anteng kitiran.

C. Tatune Budi arang kranjang.

D. Pak Bandi olehe nyambut gawe nganti adus kringet.

LIVEWORKSHEETS